ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЕЙСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№58 (20.966) ● 2007 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Зэхуэдэмэ, нэхъыфIщ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэIуIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Къэжэр Альбертрэ УФ-м и Муфтийхэм я советым и тхъэмадэ Гайнутдин Равилрэ.

ХЬЭЩIЭР купщIафIэу тепсэлъыхьащ езыр зи пашэ гупыр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ зыбжанэм (Дагъыстаным, Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием) зэрыщыIам, а щIыпIэхэм ислъам диным зэрызыщиужым щыгъуэзэ зэрыхъэхуэам, узыщыгуфIыкIыпхъэ Iуэхуэгъэ щхьэпэхэм къадэкIуэу, зэкIэ дахэ-дахэу зэIубз мыхъуа, зэгупсысыпхъэ къалэнхэри зэрыщыIэм.

- Псалъэм папщIэ, Урысей Федерацэм и щIыналъэ 74-м я еджапIэхэм щрагъэджу щIадзащ православнэ щэнхабзэм и лъабжьэхэр, - жиIащ щихъым. - Нэхъ тэмэмкI къэралым и еджапIэ псоми дин зэмылIэужьыгъуэхэм я тхыдэр щрагъэджатэмэ,

Къэжэрым и псалъэм къыхигъэщащ, къэралым и щIыпIэ куэдми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми дин зэмылIэужьыгъуэхэр мамыру, зэгурыIуэу, зэдэIэпыкъуу зэрыщIыздэгъэгурыкIуэр, ар Iуэхуэхуэу, Iуэхуфlу къызэрилытэр. ИбзыщIакъым «дин экстремизм» жыхуаIэм Iэужь мыхъумыщIэ зэрIэр, ар ди республикэм исхэм 2005 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм зэрагъэунэхуар.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ мамырыгъэ, лъэпкъ, дин зэпыщIэныгъэфIхэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ дяпэкIэ лэжьыщхъэхэр. Къэжэр Альберт хьэщIэ лъапIэм тыгъэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гербымрэ ныпымрэ. Гайнутдин Равили хэгъэрейм къыIэщIилъхьащ муслъымэн щыгъынрэ УФ-м и мэжджытхэм я сурэтхэр щызэхуэхьэса тхылъымрэ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

Къалэныгъэхэр зэпкърах

Налмык и къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм гъатхэпэм и 23-м щызэхэтащ КъБР-м игъэтыну стратегие зыужьыныгъэм тещыхьа тхылъ нэхъыщхьэхэм - проектхэм я презентацэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** абы теухуа зэIуIэшхэр къызэIуиха нэужь, зэхуэсахэм пэублэ псалъэкIэ захуигъэзащ Президент **Кьанокъуэ Арсен**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iыщхьэм къыхихыгъэщащ къыхалъхьа Iуэхум ди дежкIэ мыхьэнэщхуэ дыдэ зэригъэIэр, проектхэр пхыгъэкIыныр, ахэр лъэныкъуэ псомкIи щIэгъэбыдэныр гъащIэм кьигъэув кьалэн ину зэрыщытыр.

«ЮФО-м зыужьыныгъэмрэ инвестицIэхэмкIэ и Агентствэ» НПI-м и унафэщI **Вдовин Игорь** щIызэхьхьам кIэщIу къытеуцуагъэ нэужь, сурэткIэ ягъэлъагъуэурэ проектхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпкърахащ.

ЗэIущIэм и кIэм КъБР-м и Президентым, проектхэр зыгъэхьэзыра Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэми журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ.

Зэхьхьэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм бюджетымкIэ и Комитетым и тхьэмадэ **Васильев Юрий**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс**, Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, Правительствэм щыщхэр, кьалэ, район администрацэхэм я унафэщIхэр, абыхэм я кIуэдзэхэр, къыхалъхьа Iуэхур зэгъэщIылIа IэнатIэхэм я нэхъыжьхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и Парламентым

Хьэрычэт Iуэху мыиныр адэкIи даIыгъ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэIущIэм Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 20-м щIигъуэм щытепсэлъыхьащ. Абы хэтащ КъБР-м и Конституцэ Судым и Унафэщ Геляхов Абдулэхь, Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей, абы и къуэдзэ Дышэкl Мадинэ, республикэм и прокурор Чэт Юрий, абы и къуэдзэ Жекеев Алик, Къзэрыпшы-тэ-къзэыбж палатэм и унафэщI Рахаев Борис, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ Зумакулов Борис, Президентымрэ Правительствэмрэ я дIыкIуэу Парламентым щыIэ Къузшырокъуэ Залым, УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Iуэхущ1апIэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм законодательствэмрэ федеральнэ регистрымкIэ и отделым и унафэщI Блий Риммэ, Правительствэм хэтхэр, Iуэхущ1апIэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Парламентым и Унафэщ Бечелов Ильяс.

ЗэIущIэм щIадзэным и пэ къихуэу, спикер Бечелов Ильяс къыхилъхьэри, депутатхэр зы дакъикъкIэ щыгъуэщ Кемеровэ, Краснодар крайм къыщыхъуа гуэвэгъуэхэм, Самарэ къыщыхуэха кхъухьлъатэм хэкIуэдахэм.

Парламентым и Унафэщым депутатхэр щыгъуэзэ ищIащ Бердюжэ Владимир, Берд Къэзрэталий, Полругэ Александр сымэ я депутат полномочиехэр гъэзэщIыжьым зэрыщIадзам.

Парламентым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыныкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Гилиев Борис** кьинсэлъам едаIуэри, депутатхэм унафэ къащтащ УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм кьыбгъэдкIыу зыуэ щыт республикэ хэхьапIэ округым депутату щыхаха Мечиев Таукъэ и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2007 гъэм мазаем и 20-м щыщIэдзауэ, зэрыщIэзыщхьм теухуауэ. Мечиев Таукъэ апхуэдэу къыхагъэкIащ Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым. Депутатхэу Бердюжэ Владимирэ Полругэ Александрэ хагъэхьащ Аграрнэ политикэмрэ щыIуэпсыр къэгъэсэбэпныныбжьэ комитетым.

ЗэIущIэм зыщIелэжьыну я гъэбелджылэ Iуэхуэхэм хэпIын щIадза нэужь, депутатхэм зэхуэхьэкIныгъэхэр халъхьащ «2007 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым и Iуэхуэ», «КъБР-м бюджет Iуэхур зэрыщIэгъуэвамрэ бюджет лэжьыгъэр зэрыщIекIуэкIымрэ я тIуэгъуэ», «КъБР-м и правовой актхэм я Iуэхуэ», «КъБР-м и Щы кодексым, «ЩIыхьэр зэлыпхъуэ щыным и Iуэхуэ», «Ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, апхуэдэу сабий ныкъуэдыкъуэ зэрыс унафъуэхэм я щIыщIу 2005 гъэм щIыщыпэм и 1-м апхэкI учетым увахэм псэупIэ зэрагъэпэщын папщIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэмрэ а дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэмрэ я Iуэхуэмрэ КъБР-м и закон актхэм.

Тепсэлъыхьыныр зэфIагъэкIри, зэIущIэм кIэухэу кьащтащ «Сабийр зыпIыкIыным (попечителым) абы тригъэкIуэдэн папщIэ мазэ кьэс ират ахъщэм и Iуэхуэкlэ», «ЦIыкIуэхэр зытхьэкъу джэгукIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къыщыдэзрагъэпэщыну икIи щрагъэкIуэкIыну хуимыту гъэувыным и Iуэхуэкlэ», «2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м хьэрычэт Iуэху мыиным зыщIегъэужьынымрэ ар дэIыгъыныбжьмрэ» республикэ программмэ хэхам и Iуэхуэкlэ» законхэр.

Парламентархэр ялэ кьеджэгъэуэу законопроектэу плIым хэпIащ, прокурорым къигъэхьа мыарзэныгъэу щыр даIыгъащ, Къэрал Iуэхущ1апIэм - УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и бюджетыр блэкIа илъэсым зэригъэзэщIам, мы гъэм абы и бюджетым теухуа информацэм едэIуащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

(Парламентым и зэIущIэм теухуа отчет убгъуа ди газетым тетынущ).

"Стiол хъурей" ■ ЗэIущIэхэр ■ Спорт



ТВ, радио нэтынхэр | Щэбэт къыдэкIыгъуэ | Малъ хъэдис

Гъатхэпэм и 22-23 махуэхэм Налмык къэралэ щекIуэкIащ УФ-м и субъектхэм я финансыр органхэм я унафэщIхэр зыхэт урысейпсо семинар.

ЯПЭ МАХУЭМ щыIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, УФ-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Силуанов Антон**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт **Смирнов Александр**, УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм бюджет зэхущытыкIэхэмкIэ и департаментым и тхьэмадэ **Юрин Андрей**, УФм Финансхэмкlэ и министерствэм налог, таможнэ тарифI политикэмкIэ и департаментым и унафэщым и къуэдзэ **Разгулин Сергей**, а министерствэм хабзэмкIэ и департаментым и директор **Захаровэ Надеждэ**, Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я финанс ведомствэхэм я Iуэхущхьэхэр.

ЗэIущIэр къыщIэIуихащ Силуанов Антон икIи къызэхуэсахэр щитIэгъуэзащ семинарыр зэрекIуэкIынум, абы и мыхьэнэм, абдеж къыщыхалъхьэ Iуэхуэгъуэхэм къатыну фейдэр зыхуэдэр зыпалъыну Правительствэм и пащхьэм зэрыратхьэнум.

Семинарым хэтхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБР-ми Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей.**

Сурэтыр **КЪАРЭ Элинэ** *трихащ.*

- Ды дыщыгъуазэщ мыпхуэдэ зэIущIэкIэр ильэс кьэс кьызэрыIэзвгъэпэщым, икIи зи чэзу зэкьыхьэр мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщеврЗкIуэкIыр ди гуапэщ, - жиIащ Яриным. - Нужьрей ильэсрэ ныкъуэм ди экономикэм зэхъуэжЫныгъэ куэд щекIуэкIащ, финанс Iуэхуэкр нэхъ еф1экIуащ. Апхуэдэу щытми, нобэ утыку кьифкъу фызытепсэльыхьыну Iуэхугъуэхэми ди дежкIэ мыхьэнэщхуэ яIащ. Республикэр лъэпкъ куэд щыпсэу щыналъэщ, абы къыхэкIыуй бюджет зэхущытыкIэхэмрэ 151-нэ Федеральнэ законыр гъэзэщIныбмрэ епха упщIэхэр мы зэманым нэхъ дыкъыхэзыгъэзыхьхэм ящыщщ. Фи лэжьыгъэр купщIафIэу екIуэкIыну, къэралым и псэуфIкIэр езыгъэфIэкIуэн хэкIыпIэхэр кьэф хутэну сынывохьэуэну.

АдэкIэ семинарым доклад щызыщIадзэм я кьэпсэльэныгъэхэр хуэгъэпсат 2008 - 2010 гъэхэм бюджет зэхущытыкIэхэр къызэгъэпщынымкIи ибэ бгъэдыхьэкIэ я хьыщхьэхэм. Зи Iуэху еплъыкIэр къэзыIуэта дэтхэнэ зыми зэIущIэм хэтхэм упщIэхэмкIэ зыхуаГэзэщ.

щхьэщэмыщIиз.

Адыгэ ильэсыщIэм иращIэкI хабзэхэр кьагъэщIэрэщIэжу, гъатхэпэм и 22-м Налмык, Абхъазым и утым, гуфIэгъуэ зэхьхьэшхэр щекIуэкIащ. Апхуэдэу Iэтауэ, гъэрэ щIырэ щызэхэкIын екъэлIауэ ягъэзащIэу щыта Iуэхугъуэ псори кьызэщIэзыбыдэ тхьэлъэIу ди республикэм и къалащхьэм нэхьапIэщ щекIуэкIатэкъым. Абы къыхэкIами, цIыхубзр зэзыгъэуIу махуэшхуэ хуэныкъуауэ арами, щыIэнум теухуа хьыбар зэхэзыха жьыи щIэн кьекIуэлIат зэхьхьэр щекIуэкI утым.**

ЦIыхУ ГУМЫЗАГЪЭМ зэригъэпсар кьапщIэу, нэхьыжьхьэр щагъэкьэщIэну, щагъэ хбуэхьэуэну, фомахъсымэрэ адыгэ ерыскьыу гурыхьымрэ кьакьуэтэу пщыIэ дахэ утым и жьантIэмкIэ щауэ уат, мыдэкIэ вагъэбдзэмэр «къиГъэзэу» щIы щхьэфэм хэлъат вакIуэдэкIым и Iэмэпсымэ нэхьыщхьэр - пхьэIэщэр, гъавэ къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я жылапхъэхэр самэ цIыкIуурэ эрэтIыг, мафIащхьэри мафIэщIэгъэстынри хьэзыр т, дыгъэмрэ дуней щэрхьымрэ я нагъыщэ пыпхэри утыкум итт. Iэнэ щхьэхуэм тетт республикэм щежж псы нэхъ инхэм (Тэрч, Балькъ, Щэджэм, Щэрэдж, Бахьсэн, Налшык, Урыс у) кьыхаха псы фэнджхэр, Iэрышхьэл, бжьэ матэ, махуэ кьэс умыльагъуну нэгъуащ хьэпшыт тепIэджэхэр... А псом жьым дэхуарэзэу щхьэщытт адыгэ ныпэ удзыфэхэр,

«Хьэт» (унафэщIыр Балькъэр Казбекщ), КъБКъМА-м и «Синдикэ» (унафэщIыр Битокьу Анзорщ) щIалэгъуалэ кьэфакIуэ гупхэм иращэжьа уджымкIэ къыщIэIуаха махуэшхуэ джэгуэр адрей ныбжьыщIэхэми кьыдыщIэгри, абыкIэ гуфIэгъуэ зэхьхьэр яуб лащ. Тхьэпльэу махуэр езыгъэкIуэкIа, цIыхубзм фыуэ яльагъу артист цIэрыIуэ Мысостышхуэ Пщыгэбий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1эр Мухьэмэд кьэзэхуэса псоми уапэу ехьэхьэуащ кьрахьэжьа Iуэхур лъэпкъым хуэмахэу жиIа, гъэр гъэфI хьуну, щIэми жьыми хьер кьахуэдэкIуэну.

(Кlэухыр 2-нэ нап.)

Сурэтхэр **КЪАРЭ Элинэ** *трихащ.*

Ерокъуэ Башир бжьэ егъаджэ.

● Тхылъэщ1э

ЦIыхУ цIэрыIуэхэм ятеухуауэ

Къущхьэ Мухьэжид и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ, абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар цIыхур дэзыхьэх, афIэщIэщIыгъуэ хъыбар зэкIэмэтхэрщ. Ардыдэр хуэхьщIэ хъунущ Мухьэжид и нужьрей лэжьыгъэми - **«Миниатюрный портрет Кабардино-Балкарии XX века»**. Ар иджыблагъэ Налшык къыщыдэкIащ.

Тхылъым щызэхуэхьэсащ блэкIа лЭщIыгъуэм и кIуэцIкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэрыIуэ щIихъуа щIэблэ зыбжанэм - къэрал лэжьакIуэхэм, лЫщхьэхэм, щIэныгъэIхэм, егъэджакIуэхэм, тхакIуэхэм, дохутырхэм, инженерхэм, нэгъуэщI Iэджэми я гъащIэмрэ я Iуэхущ1апIэхэмрэ теухуа тхыгъэхэр. ЦIыху цIэрыIуэ 300-м щIигъуэ я хьыбар итщ Къущхьэ Мухьэжид и тхылъым. ЗэманыфIи къаруушхуи зытекIуэда лэжьыгъэщ ар.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Адыгэ ильэсыщIэм иращIэкI хабзэхэр кьагъэщIэрэщIэжу, гъатхэпэм и 22-м Налшык, Абхъазым и утым, гуфIэгъуэ зэхьхьэшхэр щекIуэкIащ. Апхуэдэу Iэтауэ, гъэрэ щIырэ щызэхэкIын екъэлIауэ ягъэзащIэу щыта Iуэхугъуэ псори кьызэщIэзыбыдэ тхьэлъэIу ди республикэм и къалащхьэм нэхьапIэщ щекIуэкIатэкъым. Абы къыхэкIами, цIыхубзр зэзыгъэуIу махуэшхуэ хуэныкъуауэ арами, щыIэнум теухуа хьыбар зэхэзыха жьыи щIэн кьекIуэлIат зэхьхьэр щекIуэкI утым.**

Лъэпкъыр зыгъэбауэ хьэуа къабзэ

● Махуэшхуэ



УнагъуэщIэхэм ядоIэпыкъу

АДЫГЕЙ. ***Дыгъуасэ Къэрал Думэм тепсэлъыхьащ ильэс 800-м и ирагъэбгъэрейм нэхъ рэ хуэдищIкIэ нэхъыбдщ. Абы текIуэдэну ахъшэр къабгъэзэкIынущ федерал бюджетым - сом мелуани 3, республикэ, муниципалитет бюджетхэм - сом мелуан тхурытху.***

АДЫГЕЙМ Хуэныгъэмкlэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэм къыхэзрабжамкIэ, а ахъшэхэр субсидие папщIэу унагъуэщIэ 53-м иратынущ. Ауэ, кьыхэгъэщыпхъащ, унэ чэзум щытхэр цIыху 800-м зэрыщIитIур. Ар къэплъытэу щытмэ, 53-р бжьыгэ мащIэ дыдэщ. Мыдрейхэм я чэзур кьэсыным илъэсипщI мынэхъ мащIэ ихьынущ.

ЕщIагъэлIхэм къыщэрыхагъэщымкIэ, а ахъшэхэр субсидие иратынухэм я нэхъыбдм ахъшэ яIэкъым. Унэ къащэхуным мылъку гуэр зэзыльхьэфынухэр унагъуэщIэ жьыхуаIэу къагъэлъагъэ мардэм къытIасэркъым.

Фигу къдгъэкIыжьынщи, мыбы махуэ зыбжанэ и пэкIэ къыщыхьуа насыпыншагъэм щIыхуи 107-м я гъащIэр ихьащ. Иджыри щIыхуитI щIыщIагъым къыщалъхьуэ, ауэ ахэр зэкIэ ягъуэтыркъым.

Паспорт нэпщIхэр

Лондон щаубыдащ Европэм и щIыхухэм урысей паспортхэр, нэгъуэщI дифтэрхэр хуэзыгъэзэжыну гупыщIхэр.

Ахэр ахъшэщхуэкIэ ящэрт. Паспорт нэпщIхэр пэжэм къащхьэщыбгъэкIыну хуабжьу гугъут.

Псыхэр мэжэщI

Примор крайм и псыежэххэр мэжэщI.

Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, Владивосток кьалэм щыпсэухэр зэфэн псы ямыIэу къэнэнкIэ щхьэщ. ЕщIагъэлIхэм кьызэралытэмкIэ, мыгъуагъэр кьызыхэкIыр псы Iуфхэм Iут жыгхэр зэрмрауущIыкIырщ. Апхуэдэ щIыпIэхэр щIналъэм щыкъэдщ. Пхъэхэр хэзышхэм хуит зыщI тхылъхэр яIэ хуэдэщ. Ауэ щIыхухэр егъэфIэкIуэжьынрщ.

Зурабовым жиIащ льготэ зиIэхэм хущхьуэу хуейм и процент 46-р Iэрылъхьэу зэрыратар. Адрейхэр ялысащ ахъшэу. Министрым къызэрыхигъэщхьэхуГамкIэ, псори зэлъытар хущхьэ лъапIэхэмрэ пудэмрэ зэхагъэкIауэ зэрыщымытырщ. А лЭужьыгъуитIыр зрат щыхуэхр гуэщауэ щытым хуейщ. ИтIанэ мы Iуэхуэр къэралым и кIэлъыплъныгъэм нэхъ быдэу щIэувэнущ.

ЩIыпIэ гугъусыгъуэхэм

Коми Республикэм щыкIуэда «Ми-8» вертолетыр къэлыхьуэным къаруушхуэ нрахьэлIащ.

Дыгъуасэ псом абы и жьи итащ уэсым езыр-езыру щызекIуэ Iэжьэхэу 20-рэ вертолетилIрэ.

Иджыри къалъхьуэ

Кемеровэ областым дыгъуасэ щыщIалъхьащ «Ульяновское щахтым щиужIа щахтерхэм щыщу 33-рэ.

Сыт хущхьуэхэр къащIемэщIэкIыр?

Дыгъуасэ Къэрал Думэр тепсэлъыхьащ льготэ зиIэхэр хущхьуэхэмкIэ гъэму къызэрыгъэзэжыщIыфым, а щIыпIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

Депутатхэм я упщIэхэм сыхьэтрэ ныкъуэкIэ жэуап иратащ УФ-м Зыгъашхэр хъумэнымрэ псэукIэм зегъэужьынымкIэ и министр Зурабов Михаил. Зыкъомым уебгъэмэ къагъэуват, ар занщIэу и къулыкъым трагъэкIыну, арщхьэкIэ «Зыуэ щыт Урысей» партым и фракцэм и фIыгъэкIэ кьэнащ. А фракцэм къызэрыгъэпэщыжьыгъэ Зурабовыр и кьулыкъым тегъэкIыжьрэкъым, атIэ Iуэхур егъэфIэкIуэжьынрщ.

Зурабовым жиIащ льготэ зиIэхэм хущхьуэу хуейм и процент 46-р Iэрылъхьэу зэрыратар. Адрейхэр ялысащ ахъшэу. Министрым къызэрыхигъэщхьэхуГамкIэ, псори зэлъытар хущхьэ лъапIэхэмрэ пудэмрэ зэхагъэкIауэ зэрыщымытырщ. А лЭужьыгъуитIыр зрат щыхуэхр гуэщауэ щытым хуейщ. ИтIанэ мы Iуэхуэр къэралым и кIэлъыплъныгъэм нэхъ быдэу щIэувэнущ.

КъэкIуэну гъэм фIэмыкIыу

США-м и сенат комитетым зэхуэхьэса проектым щыкIиткIэ, американыдзэхэр Ираным къарашыжьын хуэнащ 2008 гъэм гъатхэпэм и 31-м.

Абы мыгувэу хэплъэнущ Конгрессыр. Иджы щыIэдзауэ президент Буш мэдалъэ, проектыр кьащтэмэ, абы теухуа унафэр пхимыгъэкIыну.

(ИТАР-ТАСС).

Гъатхэпэм и 24, щэбэт

◆ **Жьэн уэым пэщIэтыныжьмкIэ дунейпсо махуэщ.** Ильэси 125-рэ и пэкIэ (1882) ирамыщ микробиолог Кох Роберт кьыхуташ а уэ щынагъуэр щIыхуэм езыгъэалIэ бактерие цIыкIу дыдэхэр.

◆**НАТО-р Югославием щеуам хэкIуэдахэм я фешIь махуэ.** СРЮ-м и президент Коштуниц и жэрдэмкIэ ягъэуващ. 1999 гъэм гъатхэпэм и 24-мрэ 25-мрэ я жэщхэм Ищхъэрэ атлантикэ блокым и къарухэм щIадзащ хамэ унафэ щIэмыт Югославием хуэгъэза зауэ Iуэхуэхэм.

◆Ильэси 130-рэ и пэкIэ кьалъхуащ урыс совет тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат («Цусима» романым папщIэ, 1941) Новиков-Прибой Александр (1877 - 1944).

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъи 3-м, кьухьэжьинуп сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 25-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 22-р.

Гъатхэпэм и 25, *тхьэмахуэ*

◆Спорт кином и дунейпсо махуэщ.

◆Альдж (Грек) Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - къэралыр хамэ унафэ къыщыщIэкIа махуэщ (1821).

◆Гъатхэпэм и 25 - 28-хэм Вашингтон (США) щекIуэкIынущ тхылъеджэ ныбжьыщIэхэм я 7-нэ дунейпсо конференц.

◆Дыгъэр кьыщIэкIынуп сыхьэти 5-рэ зы дакъикъэм (къэмахуэ зэманым тету), кьухьэжьинуп сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 27-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 25-р.

Гъатхэпэм и 26, *блыщхьэ*

◆Бангладеш цIыхубз Республикэм и лъэпкъ (1971) гуфIэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэу щыхьуа махуэщ.

◆Ильэси 180-рэ и пэкIэ лЭащ нэмыщэ композитор, пианист-дирижер Бетховен ван Людвиг (1770 - 1827).

◆Дыгъэр кьыщIэкIынуп сыхьэти 5-рэ дакъикъи 3-м, кьухьэжьинуп сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 28-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 28-р

Тхылъэр зыгъэзэжащ **ШАГ Мухьэмэд.**

Библиотекэ лэжьакIуэхэр зэхуэс

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС, ***Библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм кьызэрагъэпэщауэ «Школ библиотекэхэр - XXI лЭщIыгъуэм» республикэ семинар иджыблагъэ Кузшхьэблэ къуажэм и курыт еджапIэм щекIуэкIащ.***

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ къызыхэкIа лъэпкъыр, къэралыр фIыуэ илъагъуу, хабзэ хэлъу сабийр гъэсэныжьмкIэ библиотекэм и мыхьэнэр зыхуэдэм. Апхуэдэурэ абы къэрихьлIаIэм ягъэлъэгъуащ библиотекэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ зэхагъэува проектхэр.

Къыхэдгъэщыщи, Куэпхьэблэ курыт еджапIэм и библиотекэм и лэжьакIуэ Кэнэфащэ ФатIимэ «БиблиОбраз» зэхьэзэхуэм щытекIуа ныжьэ, Урысей Федерацэм и Президентым и грант хъратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Зыхъумыщ1ыкIыи ухэмыIэбэ.

Илъэс щэ ныкъуэ - цIыху ныбжь

●"СтIол хъурей"

Ефэнды Джылахъстэн, Аттаев Жамал, Гончаренкэ Михаил.

Апхуэдизэ зэман дэкIащ хамэщIым гугъуехь куэд щызыгъэва балъкъэр пъэпкъым и щIыналъэм кIыхьэригъэзэжрэ, «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр А ССР зыхуэзыIыным техуахуэ» ушафэр СССР-м и Совет Iэхъыщхьэм и Президиумым 1957 гъэм щIыщIэзэм и 9-м кIыдигъэкIауэ щытами, балъкъэрхэм къагъэзэжыну хуит щащIар гъатхэпэм и 28-рт. Илъэс 13-кIэ хамэщI нса, гугъапIэ пэпкъ зимыIэжу къэна пъэпкъым гуэзрыдзэ нщIакъым, атIэ абы хуэзфIэкIащ хэпха зэпIэзэрыгагъыр имыгъэкIуэдыж, псом я щхьэращи, анэдэлъхубзэр, пъэпкъ щэнхабзэр, нэщэнэхэр гущIэм щихьумэн.

ИлъэС 50 и пэкIэ зи хэку къызэрыгъэзэжа балъкъэр пъэпкъым абы лъандэрэ къикIуа гъэзуанэм, зыIууа пъэпощхьэпохэм, зыIэригъэхьа екIуэлIэныгъэхэм, нобэ нIэ хъуэпсапIэхэмэз гугъапIэхэмэз теухуауэ щытащ «Заман» газетым и хъэщIэщым иджыблагъэ къэщIэзэрагъэпэща «СтIол хъурей». ЗэIуащIэм кърагъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэ хэр, щIэныгьэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, хьэрычэ тыщIэмрэ жылагъуэ лэ жьакIуэхэмрэ.

- СтIол хъурейр» къыдэIуихащ икIи иригъкIуэкIащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жамал.** Къэблэгъа махуэшхуэмкIэ къыдэ хуэсакъэм схъуэхъуа нэужь, ар кIэщIу къытеувыIащ балъкъэр пъэпкъым нобэ нIэ псэукIэмрэ зыпсЫэсыфа пъагапIэхэмрэ.

- БлэкIа зэманым къринубыдэу гъащIэм и лъэныкъуэ куэдымкIэ екъуIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ ди пъэпкъым. Илъэс 13-кIэ псэкIэ, къарукIэ гугъу ехьами, балъкъэрхэм иджы зыдуэзыщIыжащ, дыкъэщIэрэщIэжащ.

Сыт хуэдэ пъэ хъэни дэщIэзыкъуэныщхуэу диIащ республикэм щыпсэу адрей пъэпкъ-хэр, псом хуэмыдэу ди къуэш адыгэхэр. Ахэр псэкIэ къыщытщыгъуащ хамэщI дыщагъэIэпхъуами, кьыдэгуфIащ, ди гъащIэр кьыддагъэпсыщIащ дыкъыщыIэпхъуэжа нтъэсхэми, - жиIащ Аттаевым. - Нобэ ди хъэщIэщым къытхуефлъагъэм яхэтщ пъэпкъым игъэва бэлъхьыр зи нэгу щIэкIаэри абы хъыбархэмкIэ фIэкIа щымыгъуазэхэри, пъэпкъыр зэтеувэжыным зи гущIэшхуэ езыхьэлIэхэри, иджырей зэманым абы и зэIуэпэщыныгъэр езыгъэфIакIуэхэри. «Ди дамэпкъ зэтауэ, зэгурыIуэныгъэр екъуIэлIэныгъэмрэ я гъуэгум дытету» зыфIэтща ди зэхуэсым дэтхэнэ зыми и гурыIэ къыщIиуэтэну ди гуапэщ.

Аттаевым утыку кьриплъхьар дабыгъуу зэIущIэм псалъэмакъ гъащIэм щекIуэкIащ. Апхуэдэу балъкъэр пъэпкъыр я псэупIэхэм задымыгъэкIэ иратыжыну Азие Курытым и республикэхэм зэгарагъэпхъуамрэ а Iуэхугъуэм лъабжьэ хуэхъуа дэфтэр хэмрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и комиссэм и унафэщI **Зумакулов Борис.**

- 1944 гъэм, Хэку зауэшхуэр иджыри екIуэкIыу, ираша балъкъэрхэр, тэ тэрэхр, шэщэнхэр, нэтIуэщI пъэпкъэрэ зэкъуэуэдэр, машIэ-машIэуэр Азие Курытым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм хагуэшащ. Я пъапсэхэр ебгъбгынэу пъэпкъхэм бэлыхь ятепльхьэныр хабзэншIагъэу, зихуэдэ щымыIэ къуаншIагъэу зэрыщыытым зауэ нэужь ильэсхэми и ужькIаи. Абы щыгъуэм кьыдэкIа унафэм ипкъ иткIэ, балъкъэр хэм дызыраша щIыналъэхэр дгъуэтыжащ. Япэ щIыкIэ траухуат къызэрыгъэзэжхэр и пэкIэ щыпсэуа и щIыпIэхэм щамыгъэтIысыжу, адыгэ къуажэ 45-м машIэ-машIэу хагуэшэну. АрщхьэкIэ, ди лъэпкъым дежкIэ ар тынш хъынутэкъыми, псэупIэу диIа бгыпъэ щIыпIэхэм дгъэзэжкIэ нэхъ кьащтащ. Балъкъэрхэм здагъэзэ ж къуажэхэм я процент 80-м нэсыр зауэ зэманым зэтракъутауэ щытати, абыхэм я зафIэгъэувэжыным щIыпIэм щыпсэу лъэпкъ псори зэдзууэ яужь ихьащ. ИкIи зэман кIэщIым кьриубыдэу ахэр зэIуэзэпщI ящIыжащ, еджапIэхэр, сымаджэщхэр, щэнхабзэ Iуэхущ-IапIэхэр щаухуащ.

Зумаковым и псалъэхэм кьыпищуэ, «СтIол хъурейм» кьыщыпсэльащ лЭщIыгъуэ кIуам и 60 - 80 гъэхэм КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къудамэм и тхьэмадэ **Ефэнды Джылахьстэн.** Абы кьиуэтэжащ Азие Курытым и республикэхэм щыпсэуа балъкъэрхэм яльыгъуаэзу, щIэ-щIэхьыурэ я Iуэху зыIут зригъащIэу, Хэкужь хьыбар яхуиIуатэу зэрыщытар.

- Балъкъэрхэр ди щIыналъэм зэрырагъэкIар кьыдэхьэпъэкIар а пъэпкъым и щIыхуэм я закъуэкъым. Ар хуабжьу ди жагъуэ хьуат кьуэш хуэдэу, ахэр куэд гъащIэрэ зыдэпсэу адыгэхэм. Дэ лъэпкъитIым ди хабзэ-бзыпхъэхэр зыкъомкIэ зэрыдэтехуэм и мызакъуэу, благъагьэкIэ зэпыщIа хъуа унагъуэхэри щыIэт, - игу кьигъэкIыжащ Ефэндым. - Абыхэм кьыщагъэзэжа махуэр ди дежкIи гуфIэгъуэшхуэт икIи ильэс 13-кIэ хэкум пэIэщIэ псэуа ди кьуэшхэм сыт хуэдэ Iуэхуки дадэIэпыкъуну дыхьэзэырт. Хъуэнигьэр щIэгъэхъэбкьуэ щедгъэкIуэкIырт балъкъэр жылагъуэ кьэс. Безенги, Хъущтэ-Сырт, Къэщакъэтау кьуажэхэм дащIыхьа ЩэнхабзэмкIэ унэхэм хуэдэ Кавказ Ищхьэрэ псом щыIэтэкъым.

Адыгэхэр, республикэм щыпсэу адрей пъэпкъхэр а лъэхъэнэ хьэтъэм щIэгъэкъуэныжхуэу къазэрыкъуэхъуам тепсэлъыхьыжащ Шэрэдж куейм щыIэ - Сукан-Су- мэкъуэуэ Iуэхущ IапIэм и унафэщI **Маммеев Хьэрун.** Абы гуапэу кьиIуэтэжащ Чечня Речкэ кьуажэм щыIэжэт «Ленинский путь» колхозым, Новоивановкэ щыIэ хозяйствэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьрахуурэ мэл хъушхэхэр, ІэщIэ-вышIэ гъэшхахэр езыр щыпсэу Жэмтхьэлэ Ипщэ кьуажэм тыгъэ кьыхуащIу зэрыщытар.

- Апхуэдэ гупльитэ гуапэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым. Аращ щыжаIэр «Махуаем узыкъэзыщIыкIырщ ныбжьэгъу пэжыр», - кьыхигъэщащ Маммеевым.

КъБР-м и Парламентым хабзэмкIэ, къэрал хуэныгьэмрэ щIыпIэ самоуправлением и IуэхумкIэ и к омитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**рэ Iъэкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и пашэхэм ящIыщ зы **Гончаренкэ Михаилрэ** кьыдэжуэсахэр щыгъуазэ ящIащ а лъэхъэнэми иджырей зэманми балъкъэр пъэпкъым и къэщIэрэщIэныным къэрапым гупльитэщхуэ хуищIу зэрекIуэкIыр. Абыхэм я псалъэм пищу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и кьуэдзэ **КIэрэф Мурат.**

Абы кьыхигъэщащ республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм зегъэужьныныр КъБР-м и Президент Кьаныкъуэ Арсен и нэдэ зытригъэIуэхугъуэхэм зэращыщыр. Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым, туристхэм зыщIапIтыхь Iуащхьэмахуэ пъапэ щIыIэ базэхэм я лэжьыгъэр зэтеублэжа зэрыхьум, нэгъуэщIхэми я гугъу ищIащ.

Балъкъэрхэр нэхъыбэу щыпсэу куейхэм, кьуажэхэм яIэ зэпукIэмрэ щIыхьэрэ мы зэманым зыIууэ лъэпощхьэпохэмрэ теухуауэ «СтIол хъурейм» кьыщыпсэльащ Шэрдж куей администрацэм и Iэтащхьэ **Темиржанов Махьты,** Шэджэм куейм хьихьэ Хъущтэ-Сырт жылэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Гижгиев Эскандер.** Балъкъэр щIалэгъуалэм спортым кьыщыхьэхьуIэныгъэхэм триухуат КъБР-м и Парламентым и депутат, «Геолог» спорт Iуэхущ IапIэм и унафэщI **Доттуев Ахьмэт** и къэпсэльэныгъэр.

Балъкъэрхэм я мызакъуэу, республикэр, къэрал псор зэрыгушхуэ Iэщ IагъэлI куэд - докутыпкэр, щIэныгъэлIхэр, тхакIуэ хэр, егъэджакIуэхэр - и пъэпкъым кьыдэзэрыхэкIам иригушхуэрт зэхуэсым зыкърезыгъэжьлIа, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Теппеев Алим.**

Псалъэмакъ псори кьызэщIикъуэжу зэIущIэм и кIэухыу Аттаев Жамал жиIащ:

- Илъэс 50-м кьриубыдэу балъкъэрхэм ехьэлIэныгъэ гуэр диIамэ, ар зи фIыщIэр, псом япэрауэ, ди республикэ лъэпкъыбзэм зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ зэрыщытепщэращ. Апхуэдэу дапэкIи дыздэдзэсэумэ, итIанэщ ди щIыналъэр нэжьри нэхъ лъэщ, кьулей, насыпыфIэ щыхьунур.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэр **КъАРЭ Элинэ** *трихащ.*

Маммеев Хьэрун, Абазэ Руслан, Зумакулов Борис сымэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЪъэфIыцIэ Мухьэмэд батырыбжьэр ЦIыпIынэ Аслъэнрэ Егъэн Ибрэхьимрэ ярет.

Лъэпкъыр зыгъэбауэ хьэуа къабзэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ щIа)

ЩIхьэныгъэ-жьышхэжьэу Налшык и уэрамхэм кьрикIуауэ, Абхъазым и утым кьащIэпплъэхэм мыгувэу кьахьхьащ шу гуп зэгъэпэщ, нэл кIапэр, хьэрым ис тхьэлъэлу джэд фIыщIэр, дэшхуэ блахэр зыкIэрыщIа, фомахъсымэ кIадэшхуэр зэрыт гу ззщIэщар ядэщIыгъуу. Абы я пашэ ЦIыпIынэ Аслъэн (мыбдеж кьыхэгъэщIыпхьэщ, IуэхумкIэ жэрдэм зыщIари кьыдэгъэпэщынымэ и гуащIэ емыблэжу елэжьари зэрыяраР) батырыбжьэ щIыхуашиим, абы хьэхьу дахэ жиIащ махуэшхуэм, ильэсыщIэм, гъэрэ щIыр зэрыдэжкIым техуауэ.

- Адыгэм дауэдапщэ дахэу диIахэр гуфIэгъуэрэ узынщагъэнкIэ утыку итхьэжауэ Тхьэм кьыщIигъэкI, - жиIащ абы. - Нобэ щIалэгъуалэм «дышэсынщ» щыжьIэм ЩIыпIэм Iпщэ зэзыIыгъа ди лъэныкъэгъуэгэр Тхьэм фригъэфIакIуэ, жылэ узыншэ фыхьу!

АдэкIэ утыкум кьрашащ гъэрэ щIыр щызэхэкIым пасэрей адыгэхэр зэрыхьуа-хьэуу щыта псалъэхэмкIэ IуэхумкIэ и к омитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**рэ Iъэкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и пашэхэм ящIыщ зы **Гончаренкэ Михаилрэ** кьыдэжуэсахэр щыгъуазэ ящIащ. А махуэм и пщэдджыжьым, нэхулъэр кьимыщIу мафащхьэтхыжыр кьыдэзэпэзэу щIалэхэр зэбгрыкIри, ди щIыналъэм щежэх псыхэм фэндкIэ псы кьыхахащ, икIи, хабзэм ипкъ иткIэ, абдеж кьыщызэхуэсахэм псым щыщ лъагъэIэсащ.

МафIащхьэм щыщ пхъэ дзакIэ пагьанэри, утыкум щагъэсащ дыгъэм, дуней шэрхьым и дамыгъэ у ягъэуа пыпхэр. Абы щIалэгъуалэм удж хьурей иращIэкIащ.

Хабзэт щIым халхьхэ пхъэIэщэм и кIыр бын нэхъыбэ зиIэу жылэм дэс лIым ирагъэубыду, япэ вагъэбдзэу мэр абы кьигъаззу. Кьалытэрт ар бэвагъым и нэщэнэу. ТхьэпэIум кьрихьэлIахэм щакэуупщIыхьым, бынитху нэхър нэхъыбэ зиIэ яхэтакъым, апхуэдэу кьагъуэтащи Сирием кьикIыжа Кьалмыкъ ТIэлъхьэтт, лэжьыгъэфIкIэ куэдым яцIыху «Дыгъэ» сурэттехыпIэм и тхьэмадэрат.

Махуэ бжьыгъэ дэкIмэ хакIуапщIэм хаутIыщхьэну зыхуамурад хакIуэр утыкум кьрашэри, абы «кьепхьых» хуащIащ, и тхыцIэм ху жылэ трапхьащ. Ари бэвагъым, хьерым, хэхъуэм и нэщэнэт.

Сабийхэм я тхьэлъэIухэри, нэхьыжьхэм я хьэхуэхуэри, щIалэгъуалэм я джэгу кьафэри хьу эпсэгъуэт, Iу эхум хэзыщIыкIыу кьэкIуэахэри зэрымыщIэкIэ кьрихьэлIахэри щыгуфыкIырт махуэхуэ дахэм. Гъэ кьэс эпхъэрэ хэм деж кьешх-кьесу, щIыуэпсыр фэзэхьуэкIыу ирихьэлIэрти, ми зым, дыэхэщIыкIа хуэдэ, кьепсэпсауэ нэху кьекIа дунейм тIэкIу зиIэтат. Апхуэдэ Iуэху куПщафIэр кьыхэзыпхьа, зи пщIэнтIэпсрэ гущIэдэкIкIэ кьеызыхьэлIа ЦIыпIынэ Аслъэн (фигу кьыдогъэкIыж мы щIалэм и шыфэлIыфэр: филологие щIэныгъэхэм я докторщ, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IэрыпсыатэмкIэ и кьудамэм и унафэщIщ) зыщыхуэдзэзэм кьыджкIащ кьыдэIэпыкъуэи кьэзыльэхьаи куэду зэрыщIыIар, итIанэми зыхуежьам зэрыпимыкIуэтыжар.

- Махуэшхуэр едгъэкIуэкIыну Налшык кьалэ администрацэм хуитыныгъэ кьыдитыныкIэ дэIэпыкъуэгъу кьэтхуэхьуащ ЪъэфIыцIэ Мухьэмэд зи тхьэмадэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, - жиIащ Аслъэн. - ЕгъэлеяуэфIыщIэ ин яхуэощ Iутпэж Мэжидрэ («Адыгэ уиэ» тыкуэн) ЕгъэнИбрэхьимрэ («Гъэрэн» фермер Iуэхущ IапIэ). Абыхэм Iуэхур кьыздагъэпсынщащ, утыкум щыщэрахьа адыгэ нпхэр, Къэбэрдей пщы уэлийхэм я дамыгъэхэр зытет нпхэр тхурагъэщащ, фащэкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэхэр кьыщэрыкIуа шы дэгъуэхэр кьытхуагъэсэбэщащ. Апхуэдэу фIыщIэ хуэощ Щхьэлыкьуэ кьуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Кьуныжь Хьэчим, утыкур зыгъэбжьыфIа, Iуэхур езыгъэкIуэкIа Мысостышхуэ Пщызэбий, Кьэзаныкъуэ Жэбагы и цIэр зезыхьэ щэнхабзэ-эстетикэ центрым и унафэщI Кьунижь ХьэIишэт, «Iэмэрыс» шхапIэм, «Хэкур Хабзэр»», «Адыгэ зэкъуэшныгъэ» щIалэгъуалэ зэгъухьэ-хьауащ. - зэрыжкIар. Абы иужькIэ бгъэщIэгъуэжынт нэхъыщIэхэм абдеж щызэхах псалъэхэм щыщу кьыхаубыдыкIыфыр зэрымащIэр?!

Сыз зэрыжурналистыр кьыгурыIуэу, Королёв кьалэ щыщ зы бзылъхугъэ (зэрызыкъызигъэцIыхуамкIэ, Мельниченкэ Нинэщ) кьыщыщэпсэльылэм, кьызжиIащ ди къэкIуэнт зэрыщIэхьэгъуэпсэр. Иджы а лъэныкъуитIри зэпызолъытэри, кьапльэм дыфIэмыIэрысэ тхъуэплъщ, и кур зэрыуахуэр ильагъуэу кьытхэтри мащIэщ!

Сыт хуэдэу щымытми, лъэпкъыр зыгъэбауэ хьэуа кьабзэ, узынщэ кьыкъуэуащи, абы фыы кьытхуэдэкIуэну, нэгъуэщI лъэпкъ махуэщхуэхэри кьъэзыгъэщIэрэщIэжьыфын жэрдэмщIакIуэ нэхъыбэу кьытх экIыну дыщыгъгынщ.

НЫБЗЖЬ Таисэ.



Хьэлдженщыр ЦIыпIынэ Цацэ зэпеущI.
Сурэтхэр **КъАРЭ Элинэ** *трихащ.*

ЩIэпхъаджагъэхэр гъэмэщIэн

●КъБР-м и МВД-м

Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Жамборэ Наурбий иригъэкIуэкIащ республикэ милицэм ильэсым я япэ мазитIым зэфIигъэкIахэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ , зэрыщыту къапщтэмэ, я къалэнхэм зэрехьэлIэ къыхихгъэщри, Жамборэ къытеувыIащ КъБР-м щIэпхъаджагъэу щалэжьыр гъэмэщIэным, криминоген щIыкIэр зегъэфIэкIуэным кьарур нэхъри хуэзэщIэгъэуIуэн зэрыхуейм. Апхуэдэуи къигъэльэгъуащ абы и лъэныкъуэкIэ я лэжьыгъэр ефIакIуэми, гуГуеухьэри зэрыщыIэр.

Гупльитэ хэха зыгъуэтыпхъэхэм ящыщ щIэпхъаджагъэ хьэлъэу, хьэлъэ дыдэу ялэжьхэр гъэмэщIэнымрэ, сэтей кьащIхэр нэхъыбэ щIыныр. Я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэныкIэ кьаруу псори хуэзэщIа-гъэуIуэну яхуигъэуващ Уголовнэ кьэпльхьэщIри, Жамборэ къытеувыIащ КъБР-м щIэпхъаджагъэу щалэжьыр гъэмэщIэным, криминоген щIыкIэр зегъэфIэкIуэным кьарур нэхъри хуэзэщIэгъэуIуэн зэрыхуейм. Апхуэдэуи къигъэльэгъуащ абы и лъэныкъуэкIэ я лэжьыгъэр ефIакIуэми, гуГуеухьэри зэрыщыIэр.

Бахъсэн муниципальнэ районым и ОВД-м и унафэщIхэм защыхуигъазэм, Жамборэ Наурбий фIыщIэ яхуищIащ, табель кIэрахьэр зыIэригъэхьэн мурадкIэ милицэм и лэжьакIуэм зэрыгъэзащIэ.

Абхъазым и утым кьащIэпплъэхэм мыгувэу кьахьхьащ шу гуп зэгъэпэщ, нэл кIапэр, хьэрым ис тхьэлъэлу джэд фIыщIэр, дэшхуэ блахэр зыкIэрыщIа, фомахъсымэ кIадэшхуэр зэрыт гу ззщIэщар ядэщIыгъуу. Абы я пашэ ЦIыпIынэ Аслъэн (мыбдеж кьыхэгъэщIыпхьэщ, IуэхумкIэ жэрдэм зыщIари кьыдэгъэпэщынымэ и гуащIэ емыблэжу елэжьари зэрыяраР) батырыбжьэ щIыхуашиим, абы хьэхьу дахэ жиIащ махуэшхуэм, ильэсыщIэм, гъэрэ щIыр зэрыдэжкIым техуауэ.

- Адыгэм дауэдапщэ дахэу диIахэр гуфIэгъуэрэ узынщагъэнкIэ утыку итхьэжауэ Тхьэм кьыщIигъэкI, - жиIащ абы. - Нобэ щIалэгъуалэм «дышэсынщ» щыжьIэм ЩIыпIэм Iпщэ зэзыIыгъа ди лъэныкъэгъуэгэр Тхьэм фригъэфIакIуэ, жылэ узыншэ фыхьу!

АдэкIэ утыкум кьрашащ гъэрэ щIыр щызэхэкIым пасэрей адыгэхэр зэрыхьуа-хьэуу щыта псалъэхэмкIэ IуэхумкIэ и к омитетым и унафэщI **Абазэ Руслан**рэ Iъэкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и пашэхэм ящIыщ зы **Гончаренкэ Михаилрэ** кьыдэжуэсахэр щыгъуазэ ящIащ. А махуэм и пщэдджыжьым, нэхулъэр кьимыщIу мафащхьэтхыжыр кьыдэзэпэзэу щIалэхэр зэбгрыкIри, ди щIыналъэм щежэх псыхэм фэндкIэ псы кьыхахащ, икIи, хабзэм ипкъ иткIэ, абдеж кьыщызэхуэсахэм псым щыщ лъагъэIэсащ.

МафIащхьэм щыщ пхъэ дзакIэ пагьанэри, утыкум щагъэсащ дыгъэм, дуней шэрхьым и дамыгъэ у ягъэуа пыпхэр. Абы щIалэгъуалэм удж хьурей иращIэкIащ.

Хабзэт щIым халхьхэ пхъэIэщэм и кIыр бын нэхъыбэ зиIэу жылэм дэс лIым ирагъэубыду, япэ вагъэбдзэу мэр абы кьигъаззу. Кьалытэрт ар бэвагъым и нэщэнэу. ТхьэпэIум кьрихьэлIахэм щакэуупщIыхьым, бынитху нэхър нэхъыбэ зиIэ яхэтакъым, апхуэдэу кьагъуэтащи Сирием кьикIыжа Кьалмыкъ ТIэлъхьэтт, лэжьыгъэфIкIэ куэдым яцIыху «Дыгъэ» сурэттехыпIэм и тхьэмадэрат.

Махуэ бжьыгъэ дэкIмэ хакIуапщIэм хаутIыщхьэну зыхуамурад хакIуэр утыкум кьрашэри, абы «кьепхьых» хуащIащ, и тхыцIэм ху жылэ трапхьащ. Ари бэвагъым, хьерым, хэхъуэм и нэщэнэт.

Псалъэ кьыщызэптакIэ, жысIэну сыхуейт гуэзрыдзэ сэзыгъэщIахэри. Ахэр ескьуэкIыу сытIысьжьыфынт сиг ур щIэуэзыр лъэпкърауэ, абы и хабзэ, и щIэнхабзэ щIэткIыкIрауэ щымытамэ. Мыр си щхьэзакъуэ Iуэхутэмэ, ди унэ щысщынт, си Iыхьлыр э багъэр фIэкIа хэмыту. Ауэ сиIар лъэпкъ щIалэгъуалэм яфIэкIуэдыр зищысыр езгъэльагъуэжын, щIэбгр зытетын гъуэгу гуэр езгъэльагъун мурадти, ар зыфIэмыфI адыгэ зэрыщыIэр щхьэжэ сщыхъуащ.

ЗэрызгъэщIэгъуэнур сщIэркъым, щхьэзакъуэ жэрдэмщIакIуэхэм ялэжь Iуэху пакIэхэмкIэ лъэпкъ щэнхабзэри, хабзэри, бзэри хьума зэрымыхьунур кьызыгурымыIуэ тхьэмадэхэр. Сэ зэкIэ сльагъуркъым республикэр зей лъэпкъхэр кьызэтенэныжмкIэ щэнхабзэ, щIэныгъэ идеологие. Ар зэрыщымыIэмэ удэкIуэтэнт, и гъунапкъэ гуэркэр гъэнэхуатэмэ. И чэзу зэрыхьурэ куэд щIат жыпхьэхэр дгъэпсауэ, гъуэзэхэр диIэну.

ЩIэныгъэрылажьэр зыгъэпелитIри и щапхьэхэр махуэшхуэр щекIуэкIа утыкум гъунэжу щIэнэрылъагъут. Псори щIыз эжаубла цIыхухэм адыгэу забжьыкми, адыгэбзэр, абдеж щекIуэкIыр кьызыгурымыIуэ гъунэжт, уеблэмэ: «Мыр урысыбзэкIэ щхьэ ирамыгъэкIуэкIарэ, жаIэр кьыдгурагъэIуэнумэ!» - зыпхьыжьызыпыкIаи яхэтащ. Си щхьэкIэ хьэдыгъуэдахэ сщыхъуат утыкум щыIуа хьуэхуэхэм я жэуапу зы лIы хэкIуэта гуэрым: «Спасибэ, дахэу укьыдэхьуэхьауащ! - зэрыжкIар. Абы иужькIэ бгъэщIэгъуэжынт нэхъыщIэхэм абдеж щызэхах псалъэхэм щыщу кьыхаубыдыкIыфыр зэрымащIэр?!

Сызэрыжурналистыр кьыгурыIуэу, Королёв кьалэ щыщ зы бзылъхугъэ (зэрызыкъызигъэцIыхуамкIэ, Мельниченкэ Нинэщ) кьыщыщэпсэльылэм, кьызжиIащ ди къэкIуэнт зэрыщIэхьэгъуэпсэр. Иджы а лъэныкъуитIри зэпызолъытэри, кьапльэм дыфIэмыIэрысэ тхъуэплъщ, и кур зэрыуахуэр ильагъуэу кьытхэтри мащIэщ!

Псалъэ кьыщызэптакIэ, жысIэну сыхуейт гуэзрыдзэ сэзыгъэщIахэри. Ахэр ескьуэкIыу сытIысьжьыфынт сиг ур щIэуэзыр лъэпкърауэ, абы и хабзэ, и щIэнхабзэ щIэткIыкIрауэ щымытамэ. Мыр си щхьэзакъуэ Iуэхутэмэ, ди унэ щысщынт, си Iыхьлыр э багъэр фIэкIа хэмыту. Ауэ си-



Къэщ1эрэщ1эжьныгъэ махуэм и щ1ыхьк1э

Балъкъэр пъэпкъым и къэщIэрэщIэжьныгъэ махуэм и щIыхькIэ Урысейм и зыхъумэжьныгъэ спорт-техникэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр РОСТО-м (ДОСААФ-м) КъБР-м автомобиль спортымкIэ и федерацэм щIыгъуу 2007 ГЪЭМ ГЪАТХЭПЭМ И 27-М СЫКЪЭТЫР 11-М АДЫГЭБЗЫМ И ЩIЫКIЭ щIыз утым щрегъэкIуэкI автомобиль спортымкIэ КъБР-м и чемпионатым и япэ пъэхъэнэм хиубыдэ зэхьэзэхуэр.

ЕЗЫХЭМя автомашинэхэм («Нива» автомашинэм нэмыщI) ису абы хэтын папщIэ кьрагъэблагъэ зи ныбжьыр илъэс 18-м щIигъуа щIалэу, хьыджэбзу автомобиль зрагъэкIуэну хуит зэращI тхьапъхэр зиIэхэр.

Зэхьэзэхуэр сыхьэт 11-м кьызэIуах. Зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну утым сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ 11-м нэсыкъ я зэфIэкIкIыр щызыгъэльэгъуэнухэм ептIыну хуейхэр ирагъэблагъэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ВЭРОКЪУЭ Владимир

Лей зыхэзгъэгъум къахурегъэгъу

450

Рэмазьым щыщ ЛЫЧАГЪУЭКЪ

(Кlэлыкlуэр. Пщlэдзэр №№56,57-хэм итщ).

Амыщей кыкlыжу къэсыжа кьудейуэ, Андрей Андреевич хьыбар гуфlэу кьыдэлъ Iэсащ. Пагуэ къигъэкlуа щыхьэкlуэм кьунакъ Максим хьыбар кьригъащIэрт пщыжьыр дунейм зэрехьажамкlэ. Апхуэдэ щыхьэкlуаджэр хьэгъэлIагъуэм хьэмэрэ щlалэ щыкlу кьаlьхуам тращыхьх тхьэлъэлум ураджэным зыкlи ещхьыкъым. Мыпхуэдэм щыгъуэ гулсыс е кlыхь щыlэкъым. Уи шуму у анэ теплъхьэн хуеиуэ аркьудейщ. Штабс-капитаным коменданткъым жриащ г ъэзвэгъуэ Iэжукlэ гъуэгу техьэн зэрыхуейр. Ефим Евдокимович зыхьэмрэ гъ уиэтlымащ, генерал Убецок хуит зэрищ тхьылъ кьрымыгъуэ ежьэ зэрымыкхьунур, абы, и кlэ кьихуамэ, махуищ зэрихьынур, ауэ апхуэдизэ зэман абыхэм зэрамыIэр кьыжриIэу, сыту жьыпIэмэ, махуищ дэкlмэ, Амыщ щlалъхьнут. Аращ зэману яIа псори зэрыхьур, шы Iэдэж и гъуэгу нобэ ежьэмэ, щыщlалъхьэм ирихьэлIэу нэсхьи кьудейщ. Нартсанэ дэс генералым хуит зыкъыщебгъэщlынуэ дапщэщ? Жэуапльныгъэ ешхьм кьыщтэну комендантыр тегушхуэрэткъым.

- Къуршым бгырысхэм ущуабдзэр гъэрыпIэ ихуэмэщэ, Андрей Андреевич? Iэхъуlпхъэу щlэщlэ-щэ?

- Садыгъунукъым, зыхьэм кьысlыралъхьэнукъым. Сэ абыхэм сраныбжькъэгъуащ. НыбжьэгъуГэр нэхъ лъапIэщ сэ кьысщlахьынум нэхър?.

Комендантыр гуфlэщ ТхьэшlтIыгъэм щыхутемыычм, капитаным жlащ дзэм хэмыжьыныр кьыхихауэ щытми, хьэдэщlэльхъэм зэрыкlуэнур.

- Хьунщ, Андрей Андреевич, укьымыкlуэлъхьыкlI. Щхьэусыгъуэ хъуи щхьэнкlэ, лазаретым усымаджэ хуэдэу ущlыхьэ-щlэкlыу зыкъзгъэлъаГуэ у. Тхьылъ дакъэм зрегъатхэ. Тхьэм ухьхуумэ, ежьэ-тlэ. Зыщумыгъэгъупщэу Пагуэрэ Арыкьшурэ схуахуэгуазвэ. Амыщыжь мыгъуэр зэрылIагуажэ зэрысщыхьуар схуажеIэжк. Урыс хэм ди ныбжькlэгъут ар. Ауэ хэт игурэ и щхьэрэ зэтелъу жlэкlфын мы зауэм хэт щыдиныбжькъэгъуми хэт щыдибиймэ? Дауэ хъуми, схуажеIэж Амыщ и псэм увыIэпIэкlфI кьриттыну Тхьэм дызэрыхуеГльэГр.

Максимовыр пIащIэу быдапIэм дэшэсыкlащ. Сэ орэ къудеи гъ усэ имыщIу.

Амыщей кьуажэм щыгъуэм и щхьэтехъуэр мелыIыч эм кьрапхъуат. Пlэным зы махуэ нlэжу щlащIыжьыкlи и узынщагъэр нэхъыфI кьэхьуащ. Иужь махуэхэм абы и нитIым кьщIихьа нэщхьеягъэр щlэкlа хуэдэт. Уеблэмэ гушыIэн кьиублэжат. Максимовым кьыхухьа бащIырыбэ пIащIэм ит щагъырым ткIуэпс хуэди хифыкIат, итIанэ пхъэфальэкlэ кьыхуущlаха джэдлэпс пщтырым еIубащ. А псом я ужькlэ и макъ зэрыыбыдыжьамкlэ унафэ ищlащ и къуитIыр, Пагуэрэ Арыкьшурэ, кьых ураджэну.

- Си Iэщэ-фащэр зыфIэдза арджэным и лъабжьем сыщIэнгъэтIысхьэ, - ищlащ унафэ щlэм. Абы и Iэдэр ущlащ. ИтIанэ Амыщ жlащ:

